



RAGAD ADVERTENTIE:

Kabar premili: 1 — 30 temboeng f 1.—
Langkoengipoen. saben 10 temboeng oetawi
kirang: f 0.50.

Advertentie limrah: f 0,15 sagaris:
(apes: f 1,25).
Moendoet kapatjak langkoeng saking sa-
pisan, oetawi moendoet dados langganan,
teping rembag roemijin kalijan admini-
stratie.

Hoofdredacteur:

B. SOEMARNA

kabantoe

REDACTIE - COMMISSIE.



SWARA-TAMA

SERAT KABAR KATHOLIEK

Medal saben dinten Djoemoewah.



REGINIPOEN LENGGANAN
SWARA TAMA

sampoem kalijan regining Soeara Katholiek

1 taoen f 7,50 } njoewoen kabajar
1/2 f 3,75 } roemijin.

Adrèsipoem Redactie lan Administratie

IGNATIUS-COLLEGE

DJOKJAKARTA.



Drukkerij „Canisius” Djokja.

ISINIPOEN:

Saking kita Roem — Adjar njèlèngi
— Dagang mawi patokan — Gesang
rerajatan lan djagad social — Moen-
tilan — Oelem — oelem katoer sad.
K. W. ing Indonésiah — Sapisan
engkas — Kirang nglagakaken — Ten-
toonstelling Mardiwara Serengan
Solo — Film saking Solo enz. —
Bab pakempalan — Saweg oengsoem
ngrembag basa — Ontjèn sekar gam-
bir melati — Oerap-sari — Correspon-
dentie.

ANDÈRÈK NGOENDJOEKAKEN KOER- BAN INGGANG-SINOHOEN KANG- DJENG SINANTA RAMA.

Kala tanggal 30 woelan November
1929, éwon tjtjahing prija wanita
toewin laré ingkang sami irit-iritan,
ndiidir ngebaki radinan, perloe so-
wan dateng Grédja Santo Pétroes.
Awit ing dinten Ngahad poenika
Ngarsa dalem Inggang Sinanta karsa
ngoendjoekaken koerban Mis Soetji
perloe njoewoenaken berkah para
Katolik akrab wewengkonipoen Gré-
dja Santo Pétroes. Wiwit djam wo-
loe doemoegi djam sedasa para
inggang sami sowan éloer tanpa
kendat.

Kinten-kinten djam satengah sa-
dasa koela mangkat sowan sesa-
rengan Rama tetiga, ingkang kalih
bangsa Djepan, sanèsipoem bangsa
Litauer. Doemoegi ngaloen-aloen
ngadjeng Grédja, ombjaking tijang
kados grebegan. Sedaja sami nggre-
met djedjel rijel oetj-oetjelan mle-
bet Padaleman Soetji St. Pétroes.
Konten ageng kalih kiwa tengen
kaeblak, nanging dipoendjagi pra-
djoerit dalem bangsa Zwitser. Sa-
daja ingkang mlebet kedah ngatoeng-
aken kartjisipoen, déné ingkang
boten gadah kartjis kawangsoelaken
dipoenawisi andèrèk Mis.

Sadateng koela ing Grédja, pra-
sasat sampoem boten wonten papan
inggang sela. Toedjoenipoen ing
ngrikoe boten wonten bangkoe oeta-
wi gelaranipoen, dados namoeng
adeg-adegan. Pramila senadjan kanti
rekaos meksa inggih saged mijak
ngoepados margi. Begdjanipoen koela
sakantja saged ngedjègi papan
satjelakipoen misbjah agoeng, da-
dos saged namataken. Sakiwa tengen
koela sampoem boten wonten mar-
mering djogan inggang lowong. Déné
inggang ngenggeni bangsa warni-
warni, nitik anggenipoen pating kle-
sik bebisik tjara Inggris, Fransch,
Duitsch, Vlaansch l.s.s.

Amrih sampoem seling serep, para
maos kedah ngertos dateng watak-
ipoen bangsa Italia, boten kéntang
sakedik. Tijang Italia poenika me-
nawi pinoedjoe wonten ing Grédja
St. Pétroes, roemaosipoen kados-
déné poeta dalem wonten ing kra-
toné ramanipoen. Pramila sami pa-
ting dladjig, tanpa adrih terkadang
anteng kfitiran, ménga-méngo kanti
mlèngèh oetawi ngginem ingkang
ndadosaken soeka-legawaning ma-
nah. Nanging wonten oegi ingkang
ngapoerantjang sembahjang sabra-
jat sesarengan, salah satoenggal
mbawa tesbèh oetawi litani. Saking
agenging Grédja, toer katahing tijang,
tandang-tandoek ingkang kados me-
katen poenika kok boten ndados-
aken sesandoenganipoen manah koela.
Malah sok asring mranani, margi
anggenipoen sami ndemenakaken
moetra-radja tanpa sigan-sigoen.
Kalijan malih, ing ngrikoe boten
wonten bangkoeipoen kanggé djèng-
kèng, toer Sakramèn Maha-soetji
makoewon wonten ing misbjah,
inggang boten adakan tebih saking
misbjah agoeng.

Boten antawis dangoe wonten
swara saking panggoeng, ingkang
ngandaraken rawoeh dalem Inggang
Sinanta. Sareng tjetjalaning
pradjoerit pedjadjar mantjik ing
djrambahing Grédja, para tijang sa-
mi ndesoek, ngangseg, djindjit nde-
ngangak. Nalika Inggang Sinanta
katingal, sadaja sami keplok, soe-

rak-soerak, ngowoeh-oewoeh: „Wi-
dadaha Inggang Sinanta” sarwi
ngawé-awé kanti katjoe oetawi topi.

Inggang Sinanta mengagem sarwa
abrit, lenggang ing dampar kentjana
inggang katandoe kapoendak prijan-
toen pradjoerit, dipoendjadjari oep-
sir tamtama lan ginarebeg para oela-
ma loehoer sawetawis. Nalika mi-
dangetaken swaraning para poeta
inggang sami atoe soeba, sarta
mriksani polahipoen kadosdéné laré
alit inggang sami pating djingklak,
bengok-bengok minangka mbagèk-
aken datenging bakapipoen inggang
dipoenadjeng-adjeng, Inggang Si-
nanta katingal kapranan, pasorjeran
mèsem kanti rena, lan paring ber-
kah ngiwa-nengen.

Sarawoehipoen ing altar, Ngar-
sa dalem ngagem boesana keprabon
Mis Soetji, swaraning tijang menda.
Sareng Ngarsa dalem wiwit sem-
bahjang, para sowan tjep-klakep,
ngapoerantjang ndèrèk ngoendjoek-
aken Koerban, inggang binaroeng
ing rerepènipoen para langan swara.
Nalika klinting ngadjengaken con-
secratie moengel, Grédja njenjet
tanpa sabawa, Hjang Allah-manoengsa
pribadi tedak ing altar, kinoermatan
Abdi Dalem Imam agoeng toewin
para poeta Dalem, katjaosan pa-
nembraming para pradjoerit troem-
pèt inggang sampoem sami samekta
wonten ing lotèng ngandap koepel
ageng. Swaraning trompètalon, aloes,
aroem, ngrangin, ngoemandang. Para
pandèrèk nèm sepoeh sami katingal
kapranan manahipoen.

Bakda Mis, ngidoeng Te Deum,
kabawa langan swara, kawangsoelan
para pandèrèk sadaja. Bibar Te
Deum, Inggang Sinanta paring ber-
kah, ladjeng pinarak ing dampar
toeroes katandoe lan kondoer nge-
daton, dipoenkeplok lan sinoeba-
soeba ing para poeta kados nalika
rawoeh. Déné para inggang sami
ndèrèk noenten bidalan medal sarwi
ngreperi kidoeng tjara Italia sesa-
rengan. Koela sakantja mèh pèn-
dèng, nanging saged andjog ing
djawi kanti wilodjeng toer soeka
legawa ing manah.

A.S.

PRADJA RAHAJOE.

ADJAR NJÈLÈNGI.

Tijang sagedipoen dados dalang
misoewoer poenika, waoenipoen
adjar roemijin; tijang saged maboer
(mawi montor maboer) poenika wa-
oenipoen adjar roemijin, tjekakipoen
manawi tijang badé anggadhahi ka-
langkoengan, poenika kedah adjar
roemijin.

Bangsa Djawi oetawi ratjak bangsa
Indonesia poenika misoewoer ang-
genipoen boten saged njèlèngi, mila
jèn badé gadah kalangkoengan sa-
ged njèlèngi, kedah adjar roemijin.

Tijang adjar-adjar poenika jèn
boten saking alit, angèl dadosipoen
saged. Tijang Éropah inggang wasis
ing moesik kadosta: Wagner, Mozart,
Beethoven l.s.p., poenika wiwit alit
sampoem adjar moesik.

Bokmanawi jèn njèlèngi poenika
njebal patokan, saged oegi sampoem
sepoeh taksih saged adjar, anggeri-
poen pikadanganipoen kentjeng.
„Gelem ora gelem, akoe saiki njè-
lèngi.”

Inggang mesti kedadosan poenika
manawi laré alit sampoem adjar njè-
lèngi. Lah wonten poendi lan ka-
dos-poendi?

Inggang saé poenika wonten ing
pamoelangan mawi dipoentoentoen
dèning goeroenipoen.

Ing ngadat laré sinaoe poenika
dipoensangoni. Koela sampoem naté
soemerep laré sekolah oemoer pi-
toeng taoen, anak bakoel, saben din-
ten dipoensangoni nem oetawi pi-
toeng sèn. Jatra semanten waoe ma-
nawi dipoentjèlèngi sasèn oetawi
kalih sèn, rak loemajan. Oepami
dipoentjèlèngi kémawon, kadoedah-
ipoen jèn sampoem medal, dados
sasampoenipoen klas gangsal, rak
sampoem f 3,65 × 5 = f 18,25 oetawi
f 36,50.

Mesti kémawon moerid poenika
sangoenipoen katah inggang kirang
saking 7 sèn sadinten. Nanging poe-
nika boten dados poenapa, djalaran
perloenipoen namoeng a d j a r.

Jèn moerid adjar njèlèngi, kase-
nenganipoen djadjan, oetawi ang-
genipoen ndjadjani: saged soeda.

Temtoe kémawon adjar njèlèngi
wonten ing pamoelangan poenika
mewahi pandamelan dateng goeroe,
nanging rak boten dados poenapa,
amargi goeroe poenika sanadjana
boten sadaja dados djempolan mi-
soewoer, éwasemanten kénging ka-
wastanan djempolan, inggang ngoedi
dateng adjenging bangsa.

Toemrap pamoelangan inggang
tjelak kantor pos, arta tjèlèngan pra-
jogi kasimpen ing ngrikoe; angger
moerid gadah boekoe pijambak-pi-
jambak oetawi karéka tjara sanès,
nanging goeroe inggang njimpen
boekoenipoen.

Jèn pamoelanganipoen tebih kan-
tor pos, goeroe inggang njimpen,
nanging kedah priepen, sampoem
ngantos kapendet oetawi kaanggé
ing tijang.

Pandoedahipoen jèn kados-poen-
di?

Sampoem angsal kadoedah mana-
wi badé kaanggé tanpa tandja ka-
dosta: kanggé toembas mertjon. Ti-
jang poenika jèn sataoen sapisan
badé seneng-seneng, kénging kéma-
won; badé toembas mertjon inggih
kénging, nanging mawi doegi-doegi
prajogi.

Toemrap laré Katholiek, oepami
badé tampi Kommoeni sapisan,
sandanganipoen sasaged-saged ing-
gang saé, lah ing ngrikoe mendet
arta tjèlèngan, kanggé toembas san-
dangan: inggih prajogi.

Mendet arta tjèlèngan, badé kang-
gé toembas ménda, perloe kaingah,
poenika saé, ngalamat badé madjeng
ékonomipoen.

Jèn wonten kasangsaran kados
déné „Kawé Mose” laré-laré saged
tetoeloeng.

Saking pamoedji koela, kataha pa-
ra goeroe inggang roedjoek kalijan
atoer koela, nanging sasampoenipoen
roedjoek, koela atoeri njobi. Mesti
kémawon ing prakawis kados ma-
katen kedah nganggé ngèlmoe pang-
goela-wentah, kadosta oepami won-
ten laré mlarat saèstoe, ladjeng bo-
ten saged njèlèngi, sampoem ngantos
kawirangan.

Poem: P. D.

DAGANG MAWI PATOKAN.

Tijang dagang poenika sedyani-
poen: pados bati; saja katah, saja
loemajan. Dagang poenika béda ka-
lijan lotré. Lotré poenika saking
begdja, wondéné dagang saking
begdja nanging kakanténan patokan.

Patokanipoen inggang sapisan
inggih poenika ngertos dateng lam-
pah-lampahing padagangan.

Toemrap dagang ageng-ageng-
an, kedah saged: maos, njerat,
étang, basa-basa kadosta: Mladjeng,
Wlandi, Inggris, Fransch, Djerman,
ladjeng kawroeh ngèlmoe kodrat,
ngèlmoe pamisah, ngèlmoe tetoe-
woehan lan kéwan, kawroeh deda-
ngangan oepaminipoen ngertos dateng
wissel, koers lsp. Babadipoen pa-
dagangan oegi perloe kasoemerepan,
dados anggepok ngèlmoe boemini-
poen padagangan, ngèlmoe bab
tanah-tanah lan bangsa-bangsa, per-
loenipoen ngertos dateng madjeng
moendoering padagangan, kadosta:
Roemijin Genua poenika soegih
sanget, margi dados poesering pa-
dagangan, sareng Koempeni saged
dateng India pijambak, ladjeng ka-
soegihanipoen soeda.

Jèn tijang ngertos: „Bijèn kingono,”
dados saged nginten-nginten: „Bè-
soek ki èmpèrè ja ngono.”

Kadjawi kawroeh-kawroeh ing
nginggil, kedah ngertos dateng an-
gger-anger padagangan, dados oepa-
mi kintoen barang, mangka barang
waoe wonten ing margi risak, la-
djeng ngertos, sinten inggang karoe-
gèn, inggang sadé poenapa inggang
toembas.

RETRÈT.

Béndjing sijam ing Moentilan badé
ngawontenaken retrèt mawi basa Dja-
wi. Wiwit tanggal 24 Februari (Senèn
Sonten) doemoegi 27 Februari. Wra-
gadipoen f 3.—

De Rector

van het XAVERIUS - COLLEGE.

Inggang langkoeng déning perloe
poenika ngertos dateng sadaja ing-
gang magepokan kalijan barangipoen
kadosta: panjimpipoen, reginipoen,
kanggènipoen lsp.

Woesana kedah ngertos bab ang-
genipoen ngetjakaken kadosta: nim-
bang, mboengkoes, ngintoenaken,
damel wara-wara lsp.

Kedjawi anggadhahi kawroeh, da-
dos ngertos poendi panggènan ing-
gang kedah dipoenbroki moerih
laris lsp., taksih wonten patokan
malih inggih poenika: saged ngladosi
angger tijang lan awatek temen.

Sarèhné bangsa Indonésiah inggang
soegih kawroeh kados inggang ka-
seboet ing nginggil dèrèng katah
(malah bokmanawi dèrèng wonten),
mila béndjing teroestipoen koela badé
ngrembag tijang dagang alit-alitan.
Sapoenika samanten kémawon roe-
mijin.

„JÈN KOBER.”

LARASATI.

Gesang rerajatan lan djagad Social.

Wewenang lan wadjibipoen tijang
sepoeh dateng anak.

Manawi laré sampoem wiwit saged
goeneman, wadjibipoen bijoeng Kath.
inggang moersid moelang dateng
anakipoen bab sembahjangan. Laré
ing wiwatan inggang kaotjapaken
pitemboengan boe, mbok lan pak.
Sanalika ngrikoe oegi ladjeng kagla-
dia ngoetjapaken Asma Dalem Goesti
Allah, inggang djoemeneng Rama
(bapak), Asma Dalem Goesti Jésoes
lan Iboe Dalem Dèwi Marjah, ing-
gang djoemeneng Iboenipoen tijang
sadaja, dados inggih Iboenipoen laré
waoe. Swarga inggang minangka
gandjaranipoen tijang inggang ngabdi
Pangéran, katjritakaken dateng laré;
makaten oegi Malaékat pamomong,
soepados laré wiwit alit sampoem
mangertos, bilih wonten ing poen-
di-poendi tansah dipoenelat-oelat-
aken (dipoen-djagi).

Manawi sampoem doemoegi titi
manganipoen laré kalebetaken sa-
kolah, tijang sepoeh kedah itijjar
pados sakolahan Katholiek; awit ing
ngrikoe laré saged angsal woelangan
manoet kaantepan Kath. ing ngrikoe
sadaja piwoelangadedasar Katholiek.
Ananging tijang sepoeh boten ké-
nging ngétja-étja, boten poeroen
toemoet-toemoet, doemèh laré sam-
poem pikantoe woelangan wonten
ing sakolahan oetawi ing sadjawi-
ning sakolahan; inggang makaten
poenika boten kénging; awit kados
inggang sampoem koela andaraken
roemijin, mila tijang sepoeh ta ing-
gang nomer satoenggal, nggoela-
wentah laré; sanèsipoem namoeng
sadremi tetoeloeng, samangsa tijang
sepoeh karépotan.

Poenapa sebabipoen tijang Kath.
kedah njekolahaken anakipoen da-
teng ing sakolahan Katholiek? Para
sadèrèk; atoer koela boten badé pan-
djang. Kawoeningana: sakolahan né-
tral oetawi sakolahan inggang babar
pisan ngemohi Agami Kath., poenika
boten dipoenkersakaken Pasamoewan
Soetji. Sebab poenapa - poenapani-
poen nama soelaja kalijan Agami,

kaantepan toewin piwoelang rèh
Kath. Kerep kémawon inggang di-
poenwoelangaken inggih boten sala-
ras kalijan kaotemèn. Poenapa ma-
lih laré Kath. sesrawoengan kalijan
dédé Kath. poenika boten saé, poe-
nika moetawatosi kanggénipoen ka-
soesilan.

Kedjawi poenika boten kirang sa-
kolahan nétral inggang sami kéma-
won kalijan sakolahan inggang nge-
mohi Agami Kath. Oepami kémawon:
ing ngrikoe wonten rembag bab
Goesti Jésoes saha Pasamoewan Soet-
ji (manawi dong woelangan babad);
inggang moelangaken boten (poer-
oen) ngakeni, bilih Goesti Jésoes
poenika Goesti Allah, toewin Pas-
moewan Soetji poenika jasan Dalem,
malah namoeng tjrifos: emboeh akoe
ora weroeh; lah inggang makaten
poenika sampoem nama njélaki lan
ngemohi Goesti, manoet pangandi-
ka Dalem makaten: „Sing sapa ora
mèloe Akoe, ikoe padané ngemohi
Akoé.”

Laré kedah dipoenpitoeeri ngi-
tjali padatan inggang kirang saé. Ma-
lah roemijinipoen tijang sepoeh wadjib
ndjagi, sampoem ngantos laré gadah
padatan awon: oepaminipoen nep-
soe, wangkod, ora mbangoen mi-
toeroet, mangani, ngadi-adi lan sa-
nèsipoem. Soepados laré sampoem
gadah watak mangani, wiwit alit
dipoendjagi, sasaged-saged dipoen-
pesti wantjinipoen neda. Saepami
laré samangsa neda tetedan kalijan
nangis, toeroes dipoensoekani kéma-
won, poenika boten saé; laré badé oe-
goengan lan ngragas, woesana ma-
nawi sampoem gadah watak makaten,
angèl anggenipoen ngitjali. Inggang
noeroeti panedanipoen anak, badé
damel awoning anak, nama boten
tresna sanjata. Jèn wonten perloeni-
poen tijang sepoeh kedah njrengeni,
ngokoem lan sapanoenggilanipoen.
A.

W. K. MOENTILAN.

1. W. K. Parepatan warga 19-1-
30 karawoehan rama G. A.
 - a. Ngabari-bilih W. K. Moentilan
kaparingan dana Rama Hellings
f 25— matoer noewoen.
 - b. Moetoes:
 1. Andjoemenengaken S. Theresia,
Tjèti Dalem Sang Kristoes, da-
dos pangajomaning W. K.
 2. Mitoeloengi pakempalan P. L.
toemrap pangopakaraning la-
jon, langkoeng-langkoeng lajon
èstri, toewin dateng sok tijanga
inggang betah piteloengan;...!
 3. Damel tjabang: O. K. K.—
Oebaling Katresnan Katolik, pa-
kempalan poenika kapérang da-
dos 2.
- pérangan sapisan: koewadjiban
sembahjang sasagedipoen moe-
rih martobating sadèrèk Djawi,
lan noeladani saé dateng sok
tijanga.
- pérangan inggang kaping kalih,
andèrèk mitoeloengi moelang
Rama Pastoor, kanggé toela-
dan !!
3. Mevr. Martasoedarma anggantos
dados: com: nggentosi Mevr.
Martaatmadja (Andreas) inggang
pindah Malang.

OELM' KATOER PARA SADÈRÈK WANITA KATH. ING INDONESIA.

Sasampoenipoen ingkang kadya poenika pakempalan W. K. ing Ngajogja ngroemaosi kesèkènganipoen, boten ketjonggah badé madjeng pijambak. Ingkang makaten waoe pramila koemawani adjak² pandjengan sadaja, kados-poendi rékadajaniipoen kita saged madjeng.

Ing bédjeng dinten Ngahad tanggal 9. Februari 1930. W. K. badé ngawontenaken pepanggihan (conferentie) kalijan pandjengan sadaja sadèrèk Wanita Kath. ing sanès panggénan.

Moegi sami kersaa ngrawoehi oetawi ngintoenaken oetoesan dateng Ngajogja perloe ngrembagngrembag adjenging bangsa kita wanita.

Ingkang badé karembag:

1. Pamboeka.
2. Sesorah: padoeka Rama Sträter.
3. Sesorah sadèrèk² wanita.
4. Ngrembag: statuten.
5. Pitakénan.

Para tamoe oegi dipoensadijani papan pondokan wonten ing dalemipoen 1. sadèrèk C. Moerdantmadja — Margajasan. 2. Sad. R. Sastrawinoto. — Gading. 3. Sad. Tr. Soepijah. — Pakoe-Alaman. 4. Sad. F. Oetoyo — Langenardjan. 5. Sad. J. Soegiri — Koemetiran.

Ingkang sami badé rawoeh kersaa maringi kabar sakderèngipoen tanggal 6. Februari dateng Mevr. Soegiri — Koemetiran. Ngajogja.

Wiwitipoen pak. djam 8.30. éndjing ing gedong K.S.B. Kota-Baroe.

Pangrèh W. K.

KOEROE SÉTRA.

„SAPISAN - ENKAS.“

1. Wonten ing pepanggihanipoen: S. O. Moentilan dalah goeroe-goeroe ing djadjahanipoen. Ingkang Wedana ngandjakakaken, bilih K. T. Resident mrajogèkaken soepados sekolahan-sekolahan Doesoen sami lengganan koran Kedjawan — pamrajogi waoe loemantar prijantoen B. B.

Koela wani mestèkaken bilih, pamrajogi waoe badé katampi kanti bingah —; Koela pijambak inggih toemoet bingah, awit:

a. Wiwit alit ginagoelang maos, poenika temtoe boten kirang prajogi bédjeng ing tembénipoen.

b. Taksih kekirangan kawroeh kok dipoendjog „lédeng seserepan, toer saking B. P.“ mila matoek sanget, saé malih, temtoenipoen wasoan waoe badé loemembar dateng doesoen, toemoelaripoen — mahanani saé.

c. Nanging, para sadèrèk waoe taksih kirang seserepan, gampil pitadosipoen dateng: poenapa isinipoen.

Wasoan poenika sampoen kaprajogèkaken ing B. B., temtoe: kaanggep saé, leres, dipoenoenet.

Margi poenika: moegi-moegi itjala isi-isi, ingkang lekoh — soepados boten nama: moelang saroe. Ngitjalana kelahiripoen: panjéda toemrap golongan, soepados boten nama: midjèni pisengit, djer temtoe inggih soemerep bilih saben tilang oetawi saben pamaos serat Balé Poestakan béda-béda kaantepanipoen.

2. SWARA-TAMA.

Sagedagan poenika rembag Sw. Tm. ketingal ngangsep — badé sami njaèkaken; rembag koela:

Betah kasaèkaken ? betah.

Nijat saèstoe ? nijat.

La, sapoenika, sinten ta ingkang gadah Sw. Tm. poenika . . . ? poenapa tilang-tilang Katoelik? poenapa P. K. W.? poenapa satoenggiling Prijantoen?

Manawi gadahan kita — mangka nijat badé njaèkaken — temtoe boten awrat, toembas: „aandel.“ sokoer „dana“ kanggé ngwontenakr: pawitan rak inggih ta . . . ? Mas: Har-djasoebrata? C. Ordeeka!

Manawi njata gadahan kita, kita saged nganggé sakdjeng kita tanpa karèh sinten-sinten, kadjawi: nolèh: pirembag saé.

Poenapa gadahanipoen P. K. W. — atoe koela, boten: „tjanganipoen“ P. K. W. nanging: P. K. W. — nipoen — ladjeng. rembag koela, „P. K. W. ! Mangga Toemandang !!!

Poenapa gadahanipoen satoenggiling Prijantoen? Jen makaten gampil, kita pamaos Sw. Tm.: doedoek prèi** poeroen inggih ladjeng, boten poeroen inggih sampoen! mogok!

È, la, ngadjak ora omah!! mila makaten, nanging manawi sami kersa manggali saèstoe, ngantos ketjepeng, oenderaning rembag, temtoe badé prajogi kedadosanipoen!!

— Sing sapa manoe diteloengi, ikoe ora ngoendakaké pinter, nanging:

* Poenapa inggih makaten noen? S.

moewoehi bodoné —.

Moegi-moegi rembag-rembag ingkang sampoen, angedalna woh, ingkang boten namoeng awoedjoed „abab“ ingkang boten kasat mata, wangsoel kènginga dipoentengali.

Poendi, ketingalipoen: Opvoeding tot autonomie?

TJANTRIK-KEBONSARI.

KIRANG NGLEGAKAKEN.

Koela dipoentrijosi sadèrèk koela poen S. jèn pijambakipoen kirang langkoeng tanggal 19 woelan Desember 1929, kintoen serat dateng Balé-Poestaka neda profnummer Kedjawan lan Pandji Poestaka toewin catalogus serat-serat ing Balé-Poestaka. Ingkang pangangkah sadèrèk S. waoe ladjeng badé wiwit dados lengganan ing wiwitaning taoen 30 poenika samangsa saged tjotjog, poenapa déné betah sanget toembas boekoe-boekoe saking B. P. Nanging ndadosna kawoenangan dipoenentosi doemoegi Januari dèrèng wonten katranganipoen, satemah gela, mèh itjal pangadjeng-adjengipoen.

Wasana kala tanggal 19 Januari 1930 djam 6 sonten tampi kintoenan saking Balé-Poestaka poenapa ingkang dados panedanipoen. Tamtoe kémawon sadèrèk koela waoe bingah lan matoer noewoen sanget dateng Balé-Poestaka. — Ananging kados-poendi sadèrèk? kok semanten dangoenipoen? Poenapa ngriki — Betawi kémawon ngantos sawoelan? Poenika sanjata nama kirang nglegakaken. Poenika kedah dipoenmantoeni! Poenapa ingkang dados sebabipoen? Poenika koela pijambak kirang terang, namoeng saking pandoege koela pijambak namoeng margi kirang correct — soekoer jèn boten! Poenapa margi saking katahing pandamelan?*) Koela pitados, jèn pandamelan ing B. P. katah sanget, toempoek oendoeng, matoempa-toempa tanpa tempo, nanging pitados oegi jèn ingkang nindakaken boten sakedik lan boten bodo. Mila pangadjeng-adjeng koela pandamelan ing B. P. sageda correct, tjepet, nglegakaken manah.

Wasana manawi wonten lepat koela sampoen kirang pangapoenten. Sarta manawi badé mangsoeli, nge-moengna wonten ing Sw. T. dados koela soemerep.

Koela ingkang ambeg tjemantaka

DE KOESIR.

V A R I A .

TETNOONSTELLING „MARDIWARA“ ING SERENGAN, SOLO.

Kala dinten Ngahad 26-1-'30 poenika pamoelangan èstri „Mardi-wara“ gadahanipoen pak: Melania ngawontenaken 1e. tentoonstelling ngatingalaken dedamelanipoen moerid-moerid toewin goeroe-goeroenipoen, makaten oegi pratik-pratikipoen i. p. olah-olah, njerat, handwerken, njetlika lan sanès-sanèsipoen.

Ingkang dipoenolemi katah sanget, kedjawi para tilang sepoehing moerid, inggih para goeroe-goeroe Standaardscholen lan H. I. S. ing Solo: (sami nganti moerid-moeridipoen èstri). C. C. Solo tampi speciale uitnodigingsbrief. (matoer noewoen C. C. Si.) Sadaja ingkang ngrawoehi tentoonstelling waoe, dalah moerid-moerid ± wonten 600. Sadèrèngipoen tentoonstelling kabikak, kapotrèt. Padjangan, pasadja, nanging „Smaakvol“. Kinten-kinten djam setengah sadasa sasampoenipoen rama C. Versteeg rawoeh, tentoonstelling kabikak déning Mejjuffr: Th. Soealbirah kanti atoe pambagja, nerangaken toedjoening tentoonstelling, lan nrijosaken kados-poendi sagedipoen ngadjengaken pamoelangan poenika i. p. srana samenwerking lan para tilang sepoehing moerid. Para tamoe kènging moendoet barang-barang ingkang katingalaken, nanging dèrèng kènging kapoendoet, bédjeng sekaten of tetoonstelling sanèsipoen malih; dados sapoenika ngetjèp kémawon.

Bibar poenika „Sekar Laras Madya“ katoentoen déning Mej: Th. Soealbirah; saé sanget, wosipoen ± sami kalijan pamboeka kaseboet nginggil.

Let sakedap rama Pastoor H. Koch lan rama J. Schots rawoeh; lan moendoet soepados sekar kaambalan sapisan engkas.

Bibar poenika para tamoe katoeran mriksani dedamelanipoen moerid-moerid toewin goeroe-goeroe kaseboet nginggil; saé-saé, boten ngoetjiwani; ingriki wonten ingkang pantes kiita tjengoelaken ing pandjengan sadaja i. p. katingal bilih „Mardiwara“ nengenaken dateng kagoenan Djawi, nedyta me-

moelih loehoering kagoenan tilaranipoen leloehoer kita; tjantèlan béd, dasi, theemuts, wandversiering, katjoe sami déné batik, saé-saé. Barang-barang sanèsipoen inggih katah, nanging tjara kilènan. Bibar saking panggénan barang-barang, toeros dateng panggénan practijk; njetlika, njemoer, handwerken, njerat (mbatik). Wonten olah-olah ingkang sampoen mateng, pepak-sanget, ménginaken; ingkang ngitjipi kènging; malah wonten ingkang dokoh, toeros tjek ngasta piring, séndok porok, dak-doe, mangka anggénipoen dahar kanti ngloetjoe, dasar prijantoenipoen goeroe, adamel regenging feest. C. C. Solo oegi toemoet ngitjipi; miraos! Para tamoe sanèsipoen toeros moebeng-moebeng ing sakaparengipoen.

Kinten-kinten djam 11.30. bibaran; para tamoe sami kondoer, lan katingal sami boten katjoewan; makaten oegi para ingkang ngègoehaken feest. waoe, namoeng temtoenipoen sami „ke—sel“.

Moegi-moegi andajanana, kados déné ingkang kinadjengaken.

C. C. Solo.

HERCULES.

FILM SAKING SALA.

Samenwerking lan werkver-deeling.

Sadèrèngipoen koela soeloek oetawi ndjantoe, kjai dalang badé matoer roemijin: Boten sedyta badé mamèraken kaseogihanipoen Solo bab pakempalan, saloegoe namoeng badé ndalang, bok bilih film waoe saged damel renaning para maos, soekoer bagé dados tepa paloepe.

Film Katholiek ing Solo wonten tilang djedjeran inggih poenika:

1. Katholika Wandawa (K. W.)
2. Pakempalan Politiek Katholiek

VAN LITH-STICHTING

MADJENGING

Van Lith-Stichting

goemantoeng saking

PANDJENANGAN SADAJA.

Bestuur V. L. S.
Bijz. H. I. S.
MAGELANG.

Djawi (P. P. K. D.)

3. Maria Congregatie.

Djedjer 1. K. W. poenika pakempalan social menggah bab toedjoe lan dedasaripoen para maos tamtoe sampoen boten kekilapan. Poenika wonten jejasanipoen, katjeta ing ngandap:

a. Pangroekti laja, poenika bebada jasan K. W. ingkang kedah ngrembag bab kasripahan. Djer sadèrèk ing Solo kerep sanget ketaman. Manoe verslag jaarvergadering Minggoe 19-1-'30 ing salebetipoen sataoen kesripahan laré 9 tilang sepoeh 1. Wedaling wragad ± f 203 éwasemanten saldo ing kas taksih f 58,36. P. L. ing Solo kagadoehan siti koebroan saking Parochi Solo ingkang kagadoehan saking Pamaréntah ing Soerakarta.

b. Karta loemaksa; poenika jasan K. W. ingkang ngrembag babagan financièn.

c. Wanita Katholiek (W. K.) jasan K. W. kring wanita ngrembag babagan social.

d. Pakempalan goeroe Pamoelangan Katholiek (P. G. P. K.) ing Solo, ingkang ngrembag babagan onderwijs.

b. Zelateur van Lith Stichting, ingkang miteloengi padamelanipoen van Lith Stichting ingkang dedalem ing Magelang.

i. Zelateur Roekti Woeri, ingkang miteloengi padamelanipoen bakjoe Roekti Woeri ingkang dedalem ing Ngajodja.

Djedjer 2. P. P. K. D. Sedyta lan dedasaripoen oegi sampoen axioma, teges, para maos sampoen pirsas. P. P. K. D. gadah poetra kekalih:

a. Studie Club bebada ingkang kadjibah njinaoe lan ngedalaken saha débat-débatan babagan politiek, onderwijs lan theorie social ingkang pigoenanipoen toemrap para warga saha pang P. P. K. D. Solo ageng sanget. Lezing ingkang sampoen kagijaraken:

1. Hoe onze toestand is en hoe de toekomst voor ons zal zijn.

2. Chineesche gelijkstelling.

SAWEG OENGSOEM NGREMBAG BASA.

Sagedagan poenika kok sadjaki-poen dedreg sanget rembag prakawis basa, inggih basa ngamantja, inggih basa tanah kelahiran kita pijambak alias basa Djawi. Ing Sw. tama ngriki Ki Patjar Mérah ingkang miwiti ngrembag basa ngamantja, dalasan basa Itali inggih boten kantoen; anamoeng* kémawon sareng kapendet wosipoen (dédé koela 10, ingkang njekak. P.) teka ladjeng malih basa Latin. Anèh inggih sadèrèk? Badé priksa doenoenging rembag poenapa? O, koela boten badé adjoewèh; agrètèh; namoeng ngengkoki wontenipoen ngrikoe? Makaten ta Wonten ing Pers-overzicht tg. 18 Januari No. 3 katja 66, ingkang ngrembag Sw. Tm. . . . „Vooral verdient aanbeveling, dat zij (redacteuren) Latijn kennen, opdat zij de berichten in het door het Vaticaan uitgegeven blad Osservatore*) zelf kunnen vertalen en overnemen“

Mangka ing karanganipoen sad. P. M. boten wonten ingkang njebat-aken, bilih para redacteur prajogi ngertos basa Latin. Ananging . . . (tjoeplikan saking oréhanipoen Ki Patjar Mérah) sagedipoen makaten, manawi koela sami mangertos: basa Itali. Déné manawi poenika ingkang dipoenwastani basa Latin déning Persoverzicht, inggih soemangga; sanadjan poenika ragi klintoe sakediilik. Sebab basa Latin poenika dédé basa Itali, basa, ingkang kanggé gineman tilang Itali sapoenika. Nanging rak wonten èmperipoen ta?? Kasinggihan. Kados déné basa Djawi sapoenika wonten èmperipoen kalijan basa Djawi kina, makaten oegi basa Itali ngèmpèri basa Latin. Ananging poenika boten ateges: oeger ngertos basa Latin, ladjeng toeros ngerertos basa Itali; saminipoen tilang Djawi sapoenika kémawon, manawi boten sinaoe, inggih boten saged maos (ngertos) basa Djawi kina, sanadjan èmperipoen katah sanget. Toeladanipoen?? Koela pendetaken saokara kémawon saking

Serat Pararaton: Ibu, wonten duhungira bapa antukipun Gandring akarya, ingsun-tedanipun ibu. Poenapa boten katah èmperipoen?

Koela ragi njlèwèng saking rembag koela; sapoenika katoerosaken. Sadèrèk Pélo inggih ngroedjoeki wontenipoen pasinaon basa ngamantja, ananging ragi ngetingalaken koewatosipoen, bokmanawi boten wonten ingkang énggal sengkoe toemandang. Lan samangsa sampoen ngajati, saged oegi boten toeros, awit ngrembag, kadamel poenapa ngertos basa ngamantja, langkoeng-langkoeng basa boten saged andatengaken ingkang dipoenwaos, sebab prakawis economie randat. Roedjoek, akoor, kalijan sad: Pélo. Andandosi économie perloe sanget; mila nggegoelang poenika roemijin, sanèsipoen badé boten kantoen.

Sapoenika basa Djawi poenapa inggih saged kadamel pasadja?? Ngrembag makaten poenika kedah ngertos sebab-sebabipoen. Kadamel ngoko? poenapa krama? Ing congrès Java-Instituut nembé mangké poenika wonten rembag: basa Djawa kagawé pasadja, krama. Wonten ingkang boten ngroedjoeki; awit tjarijosipoen ladjeng ngawontenaken raos kirang andap (minderwaardigheidsgevoel); oepami kadamel ngoko? Djawa Dipa? Roemijin kados sampoen wonten ada-ada makaten. Wonten toemoesipoen poenapa boten?? Oepami boten ngoko, krama, kados-poendi? Ladjeng tjara Djawi kina. Tjopi kapirengna: Radèn Widjaja moendoet priksa: „Gajah Pagon kawaça sira lumuka, lamun tan kawaça, lan pada angamuk“. Atoeripoen kang dinangoe: „Kawaça manira, pangeran, anging alonlonan“. Poenapa poenika boten sakétja kapirengaken?? Ewasamanten mangsa borong para noepiksa. Noewoen.

PARARTA.

*) Poenika serat kabar nganggé basa Itali. Red.

BAB PAKEMPALAN KITA.

Manawi nitik embjaking pakempalan kita, ingkang toedjoenipoen mawarni-warni oegi, manah koela sampoen radi marem (malah oegi sampoen marem). Kemaremaning manah koela poenika, kasebabaken déné kita kaeom Katholiek boten poeroen kantoen lan ombaking djawi. — Namoe wonten tjowaning manah koela sakedik, déné ingkang sami nggreget waoe kok namoeng sadèrèk-sadèrèk ingkang wonten ing Missie kémawon ratjakipoen. — Déné pangalem koela dateng sadèrèk K. ingkang wonten ing djawi, inggih boten kantoen. — Nanging sadèrèk K. ing djawi boten potosa katah ingkang sami manggali. Poenika émanipoen. —

Noewoen sadèrèk, keparenga koela ngedalaken angen-angen koela ingkang sampoen lami kakandoet. —

„Bisané pakoempoelan ikoe mi-goenani:

1. Bestuurs lan lidé pada njamboet gawé kanti temen-temen.
2. Jèn katon ana wohé.
3. Gedé kekoewatané (doewité).
4. Kentjeng actiené.
5. Ora wedi ing sabarang prakara kang dadi beneré.
6. Panoentoenè akèh kang peng-pengan (djempol).

Mila panjoewoen koela dateng para sadèrèk langkoeng-langkoeng dateng P. P. K. D. miwah dateng pakempalan kita sadaja, samia kaeodi sagedipoen kaleksanan wiwit no. 1 t/m 6 poenika! Jèn poenika sampoen katjekapan, ing rikoe pakempalan kita mesti badé haroem gandanja.

Déné lampah ingkang saé, saking wawasan koela, inggih poenika para sadèrèk samia ngijataken pakempalan kita ingkang apearap: van Lith-stichting; ing rikoe margi kita nggajoe sub 1/6 lan nggajoe ing kaloehoeran. — Mila para sadèrèk ingkang dèrèng dados warga ning v. Lith-stichting, toemoentena énggal mlebet; soepados énggal kasembadan antjas kita. — Amin. —

B. SOESISWO.

CORRESPONDENTIE.

Abn. No. 412 B. S. Gringsing, koela atoe-ri mriksani correspondentie ing Sw. Tm. No. 4. Abn. No. 386, Kita sampoen njantoen wiwit tampi: badé kaeroes. Kita sampoen tampi paringipoen f 7,50; matoer noewoen. Karangan ingkang dèrèng saged kapatjak, koela atoe-ri njantosaken.

Taklim
C. C. Si.
PANTJER.

Tjandi Tyas Dalem ing Gandjoeran binarkahan.

Béndjing Slasa tanggal 11 Pébroewari tjandi Tyas Dalem ing Gandjoeran, ingkang anggènipoen jasa manoe rantjanganipoen Dr. J. Schmutzer, badé dipoenbarkahi kanti semoewa. Ingkang badé ambarkahi Kangdjeng Biskop A. van Velsen.

Saking karsanipoen Kangdjeng Biskop sarta Famili Schmutzer, ing dinten wontenipoen barkahan waoe, para wewakiling sadaja Pakempalan Katoelik ing Djawi-tengah samia datang ing Gandjoeran, sabab ing ngrika badé dipoensarengi njaosaken Missie ing tanah Djawi doemanteng Tyas Dalem kanti semoewa. Saja katah wewakil ingkang datang, temtoe kémawon sadaja-sadaja waoe saja mindak ngengreng.

Para Pangrèhing Pakempalan moegi moempoeng dèrèng kasèp samia rembagan, sinten ingkang kadadosaken wewakil andjehengi wontenipoen barkahan poenika.

Sarèhné ing dinten poenika toemrap pamoelangan Priboemi liboer, mila badé katah ingkang saged mrika kalijan boten kanti ngrekaos. Ing dinten kaseboet:

Djam 7 Mis ageng kaondjoekaken ing Kangdjeng Biskop.

Bibar Mis ngaso sakedap ladjeng djam 9 mberkahi tjandi.

Sabakdanipoen mberkahi ladjeng wonten sesorahipoen Kangdjeng Bisschop, rama Pastoor lan prijantoen sanèsipoen.

Lebar poenika para prijantoen ingkang tampi oeleman saking P. K. W. kaatoeran pasoegetan ing sawontenipoen.

N.B. Pramila para oetoesan saking pakempalan Katholik oetawi para prijantoen ingkang badé ngawoehi kersa paring kabar toemoenten datang P.K.W. ing Ambarawa.

K. W. Gandjoeran.

Moedjoedi Sangsara Dalem.

Kala October 1929, ing Oberamergau, Djerman, sampoen pilihan tijang-tijang ingkang badé toemoet

main moedjoedaken Sangsara Dalem. Ingkang milih babadan ingkang dados soesoelhipoen tijang ing sadoesoen Oberamergau ngrikoe.

Bokmanawi pandjenengan sadaja sampoen kerep mireng, bilih pangngènt-èngèt Séda Dalem ingkang toemindak ing Oberamergau poenika wiwitipoen sampoen kala taoen 1634, lan ladjeng kaanggé saben sadasa taoen. Nanging wiwit taoen 1674, tonil waoe katetepaken doemawah wonten taoen dasan. Nanging kala taoen 1920, boten katinakaken, kaoendoer doemoegi taoen 1922. Ingkang makaten waoe kabekta saking rekaosipoen bakda perang ageng. Déné pilihan kala Octöber poenika kanggé taoen 1930.

Kala taoen 1910, lan 1922, ingkang kapatah dados Goesti, tijang nama Anton Lang. Kanggé th. 1930 poenika, sawoeng kanggé Goesti wonten tiga, nanging ing pilihan waoe ingkang kepilih meksa gotrah Lang malih, kaleres kapénakan kalijan Anton Lang. Déné namanipoen Alois Lang, oemoer 38 taoen. Déné Anton Lang namoeng kapilih dados Imam Agoeng Nathaniël. Doemoegi sapoenika Alois Lang bréwok, ramboetipoen sampoen kaingah pandjang. Lan roepinipoen katingal langkoeng matis tinimbang Anton Lang. Kadjawi poenika panggaotanipoen dillalah kok laras kalijan badé mainipoen; djer tijang waoe dados toekang damel retjanipoen Goesti séda kapentang.

Ingkang kasawoengaken kanggé Dèwi Marjah, leresipoen Hansi Preisinger, anakipoen komis pos ing ngrikoe. Nanging rèhné sinten ingkang dados Dèwi Marjah, ing taoen tjandakipoen boten kénging émah-émah roemijin, mangka Hansi semoe-semoenipoen badé toemoenten émah-émah, mila ladjeng kapatah dados Dèwi Magdalena, boten dèwi Marjah.

Papan soedijan tamoe, sampoen kadjembaraken, ngantos tjekaptijang 6000.

K A B A R O E M O E M . I N D O N E S I A .

Goeroe ing Standaardschool Medari kadakwa ngiberaken laré èstri.

(Bintang Mataram, ... goroh!!)

Saking "sadèrèk Lengganan Bintang Mataram, ing Ngajogja", Redactie tapi seratan makaten:

"Bintang Mataram", koran ing Ngajogjakarta ingkang dipoenpangdjeng sadèrèk Drijawangsa kalijan sadèrèk Tiong Hoa kalih, kala 17 Djanowari pérangan "kabar kota" isi kabar ingkang adamel... golongan Katholik. Soepados toelèn, koela loegokaken kados ing ngandap poenika.

Tjinta poenja pengareo.

Perkara tjinta, djika soeda masoek dalem hati manoesia ada besar pengaroenja. Tida koerang orang jang diseboet soetji djadi kalap, loepa soetji lagi, kerna ditindes oleh perasahan tjinta.

Wagijem, satoe gadis dari desa Djoeroegan (Toeri), maskipoen ada satoe gadis desa, tapi loemajan, apa lagi ia djadi lid M. D. b/g Aisiah. Wagijem maoe diambil istri oleh Roestan, goeroe Standaardschool Kristen di Morangan. Ini permintahan oleh orang toewanja si gadis ditolak, kerna Roestan beragama Roomsck Katholik.

Kemoedian Wagijem oleh orang toewanja dinikahkan pada salah satoe pemoeda jang berigama Islam, tapi masih kalah bregasnja sama Roestan. Dengan roepa-roepa akal, Roestan berdjaja soepaja Wagijem bisa bertjere sama soeminja. Ini akal terboekti, tida selang lama Wagijem ditjereken oleh lakinja. Roestan madjoeken poela permintahannja pada orang toewa Wagijem tapi ini orang toewa minta Roestan soeka ganti igamanja dengan igama Islam.

Roeslan poetoes akal, ia ambil poetoesan maoe bawa Wagijem zonder taoe orang toeanja. Begitoe terdjadi pada hari Minggoe ddo. 12 Januari 1930 orang toeanja Wagijem djadi riboet, kerna anaknja, Wagijem soeda doea hari doea malem tida poelang. Achirnja Wagijem diketemoeken di roema Roestan.

Sampe sekarang Roestan dan Wagijem hidoep bersama-sama dengn ambil djalan jang tida sah. Kita pertjaja, bahoea perboeatannja Roestan jang melanggar atoeran Kristen aken dapet tegoran dari

Pastoor, begitoe djoega Wagijem satoe lid Aisiah, tentoe aken didepak dari partijnja.

Gandèng kalijan prakawis ing nginggil koela mrelokaken anjidikaken leres lepating pakabaran poenika. Koela pikantoe katrangan saking Kepala Standaardschool Medari makaten:

"Kabar waoe dora. Sebab ing sakolahan Standaardschool Medari, wiwit bikak taoen 1922 t/m sapoenika Djanowari '30, dèrèng naté dipoenbenoemi goeroe ingkang nama Roestan. Dados nama Roestan waoe terang dédè goeroe Morangan, Medari. Malah sadaja sakolahanipoen Missie ing groep Medari inggih boten wonten goeroenipoen ingkang nama Roestan..."

Ing ngriki perloe koela terangkan: manawi wonten goeroe Missie kalepatan prakawis makaten poenika, boten namoeng trimah pikantoe te g o r a n saking Pangageng, mesti kapotjot sanalika oegi!

(Doemoegi samanten seratanipoen "L e n g g a n a n B. M." Satoenggil-ning kanta redactie ingkang oegi dados lengganan B. M., kala 18-19 Djanowari ngoeroesaken prakawis waoe katranganipoen inggih trep kados seratanipoen sadèrèk "Lengganan B. M." Red. Sw.T.).

Darah Dipa Nagara.

R.M. Daoet Dipa Nagara ing Makasar njoewoen soepados wangsoel datang tanah Djawi, soekoer bagé sèwoe saged manggèn ing tanah Kedjawèn. Anggènipoen njoewoen makaten poenika, margi soegengipoen wonten ngrika ngrekaos, pamedal boten njekapi.

Manoet advies-ipoen Goepernoer Makasar, panjoewoenan poenika waoe soepados dipoenkaboelaken. Margi, kapanggali ingkang lepat poenika swargi Pangéran Dipa Nagara pijambak. Déné prijantoen kaseboet nginggil poenika namoeng toeroenipoen pangéran Dipa Nagara, boten gadah lepat poenapa-poenapa datang Paréntah. Toer wonten Makasar soegengipoen mila ngrekaos saèstoe, pados pandamelan boten pikantoe, arta onderstand boten njekapi. Mila manawi panjoewoenipoen wangsoel datang tanah Djawi boten kaparengaken, kaparenga Paréntah mewahi arta onderstand kémawon.

Nanging manoet rembagipoen

Goepernoer Soerakarta lan Ngajogjakarta, boten mrajogèkaken manawi panjoewoenan waoe dipoenparengaken. Ingkang makaten waoe margi ngènti kawontenaning politiek ing wkdal sapoenika. Ing wkdal poenika golongan kabngsan sami ngloehoeraken asmanipoen P. Dipa Nagara. Mila, manawi panjoewoenan waoe kaparengaken, Goepernoer kalih kaseboet nginggil kagoengan koewatos mangké gèk ladjeng damel agenging manahipoen ébah-ébahon kabngsan temah moetawatosi katentremen oemoem (Sedyata Tama.)

Goeroe Katholik propaganda.

Warga Raad Kawoela sadèrèk Soetadi, naté njoewoen datang Paréntah soepados niti pariksa poenapa inggih njata sawènhipoen goeroe Katholik bangsa Indonésijah damel propaganda sakolahan Katholik.

Katranganipoen Paréntah: mitoeroet paniti priksanipoen Inspecteur Inlandsch Onderwijs: babar pisan boten wonten propagandah makaten poenika. Namong kémawon sampoen naté kalampah: kepala sakolah pamoelangan angka 2 nomer 3 Soerakarta, anerangaken datang moeridipoen èstri bilih R. K. Meisjesschool ing Serengan (Solo) poenika langkoeng saé tinimbang sakolahan ingkang moeridipoen tjampoeran djaler kalijan èstri. Dados ing ngriki dédè nama propaganda kanggé Katholik.

Lotré énggal.

Kados ingkang kaseboet ing De Koerier sakedap malih badé wonten lotré énggal, kanamakaken: "Eyen Stichting". Pakempalan-pakempalan sanès ingkang angsal bagéjan: St. Carolus Weltevreden f 50.000; Ap. Vic. van Ned. Borneo (kanggé grija sakit Pontianak): f 50.000; Ap. Vic. Batavia f 50.000; Ap. Prefect. Banka, Bliotoeng lan Pangkal Pinang f 50.000; St. Willibordusvereniging ing Toel (internaat) f 50.000; Vicariaat Ned. Nieuw Guinea f 50.000; Ap. Prefect. Bengkoelen f 50.000. Ap. Prefect. Soerabaja f 50.000; Ap. Prefect. Celebes f 25.000; St. Melania Djokja f 25.000; Grija sakit Onder de Bogen Ngajogja f 20.000.

Kadjawi pakempalan-pakempalan Katholik kaseboet nginggil, pakempalan poendi malih ingkang pikantoe, De Koerier boten mratélakaken. Semarang katradjang sesakit pest.

Manoet beslit tanggal 20 Djanowari 1930, pelaboehan Semarang katetepaken katradjang sasakit pest. (Locomotief).

Bebatènipoen maskapé-maskapé sepoer.

Manoet Koloniale Studiën, babatèn resik S. S. taoen: 1923: f 11.564.999.— 1924: f 18.048.364.— 1925: f 21.869.657.— 1926: f 21.507.633.— 1927: f 27.644.142.— 1928: f 26.273.973.—

Dividend N.I.S. taoen 1923, 1924, 1925, lan 1926, njawelas presèn. Taoen 1927 mindak dados 14%, taoen 1928 17%.

Dividend S. C. S. 1923 namoeng 7%, taoen 1927 10%, 1928, 12 1/2%, 1929 8%.

S.D.S. wiwit taoen 1923 doemoegi 1928 dividend-ipoen 4%, 6 1/2%, 8%, 9%, 12%, 12 1/2%.

Malang Stoomtram Mij salebetipoen taoen '23 — '28, teroes ngedoem dividend 11%.

Kediri Stoomtram Mij, salebetipoen '23 — '28 teroes ngedoem babatèn 13%.

Deli Spoorweg Mij, kala taoen '23 namoeng ngedoem dividend 5%; nanging taoen 1927 lan '28, dividend-ipoen dados 13%.

Ing ngriki tètela bilih katingal montor ing Indonesia, boten damel pitoenaning maskapé-maskapé.

Margi ageng ing Soerabaja.

Manoet statistiek gemeente April—September 1929, ing margi ageng Soerabaja wonten katjilakan (margi montor lss.) rambah kaping 594, ingkang pedjah tijang 3, taote awrat 20, taote èntèng 427.

Kasangsaran ingkang margi montor kémawon rambah kaping 436, oetawi 40, 71%—nipoen kasangsaran ingkang margi toetoempakan sanès-sanèsipoen.

Tijang èstri njalingkoehaken arta f 10.000.—

Tijang èstri bangsa Indonésijah, ingkang nalika lahiripoen nama Oemar ladjeng katelah nama Sopia gegrija ing Kerkstraat Meester Cornelis njalingkoehaken artanipoen sawènhiping toko Walandi kirang langkoeng f 10.000. Tijang èstri waoe sapoenika sampoen katjèng.

Bliksemtrein nggiles tijang tiga.

Mitoeroet kabar Aneta saking Soerakarta kala 24 Djanowari, angleresi djawah deres, sepoer bliksemtrein anggiles tijang tiga wonten ing kretèg Djeroek. Tijang waoe ingkang satoenggal pedjah sanalika, ingkang

Kasarasan tètela prakawis preloe. Aosoepoen ngoengkoeli pantoen pinten-pinten loemboeng, radja brana pinten-pinten gedong. Mila, inggih pantes dipoen-gatosaken.

Para maos koela atoeri lélédang datang djagadipoen kawoela oemoem Indonésijah. Koela atoeri njatikèaken poenapa-poenapa ingkang gagoetlan kalijan kasarasan. Pandjenengan badé priksa kawontenan warni-warni ingkang saèstoe soelaja kalijan roemeksas bagasing sarira.

Jèn Nagari makaten inggih boten ina, sampoen njoedijani dokter, grija sakit. Nanging doemoeginipoen sapriki kawoela ingkang katah-katah adrihipoen datang dokter taksih kagila-gila! Dalasan ingkang sakedik-sakedik sampoen mambet sakolahan kémawon inggih wonten ingkang adrih kalijan hospitaal.

Tetijang limrah poeroenipoen loemebet grija sakit, manawi tètela kjahi doekoen sampoen boten saged ngoesadani. Dados anggènipoen poeroen mlebet grija sakit kénging kawastanan dapoer kepeksa! Koemandelipoen datang doekoen langkoeng ageng tinimbang datang dokter. Mangka sarat-sarat ingkang klebet datang kantongipoen doekoen waoe, terkadang saged tirah manawi kanggé djadjampi datang dokter.

Poenapa tijang alit sami boten ngandel manawi dokter saged njarasaken tijang sakit? Margi njoemerepi boekti pinten-pinten, terang manawi tetijang waoe inggih sami ngandel kalijan katjasanipoen dokter. Nanging... poenapa sabab-ipoen, déné manahipoen sami tebih sanget kalijan grija sakit?

Sasoemerep koela margi:

- 1. Adrih kalijan Walandi.
2. Adrih manawi kasontik.
3. Adrih manawi kabadel.
4. Waragadipoen terkadang awis (Sebab nomer sakawan poenika toemrap golongan ingkang anggènipoen djadjampi datang dokter boten predeo).
5. Manahipoen taksih goegon-toehonen. Ngandel sanget kalijan noedjoem, petèk, lsp. Jèn kapoerih datang grija sakit, wangsoelanipoen: "Dokter ora bisa mestèkèk waras lan orané awakko. Balik kjahi Anoe bisa! Ija sanadyan moeng woedjoeda sasmita pisan.
6. Wiwit roemijin mila sampoen koelina djedjampi mawi djapa mantra! Dados manawi wonten tijang (dokter) andjampèni boten mawi djapa toewin mantra, poenika sadèrèngipoen sampoen katetepaken boten istidjab.
7. Warisan saking embah boeioetipoen, woedjoeding djampi Djawi poenika ron-ronan, ojed-ojodan. Dados manawi dipoentoei djampi Walandi, boten djodo.
8. Wonten grija sakit, kerèh déning pranatan. Manawi wonten grija, boten! Sanak sadèrèk saged toewi sawantji-wantji. Pamanahipoen "Nèk nang ngomah, akoe kepèngin apa-apa bisa katoeroetan. Toer... saora-orané jèn ahli waris déwè sing ngroemati, ija loewih goemati tinimbang nèk ana roemah sakit.
9. Tijang sampoen pedjah ndadak kasontik, poenika inggih nebihaken tetijang saking dokter lan hospitaal... enz... enz.

Sampoen mesti kémawon sabab-sabab waoe manawi dipoenkalitjèki, inggih boten leres. Nanging, ingkang mastani boten leres poenika koelapandjenengan. Manawi ngrikanipoen inggih anggegeki: maton! Déné anggènipoen makaten waoe, margi boten mangertos. Mila inggih kedah kamangretosaken!

Sinten ingkang wadjab mangertosaken? Kita sadaja golongan kaoem terpeladjar. Kita kedah njontoni nebihi kjahi doekoen.

Margi ingkang tjelak sanget kanggé mangertosaken kanta alit datang kawroeh kadokteran, poenika boten sanès namoeng:

a. Medal margi sakolahan. (Mila koela matoek sanget manawi ing poendi-poendi panggènan wonten koersoes kasarasan kanggé goeroe-goeroe, (oetawi sadéngah golongan). (Ing Ngajogjakarta wonten koersoes makaten poenika kanggé kanta goeroe).

Kadarman dalem ingkang Sinoehoen.

Ing bawah kawedanan Tawang-sari (Soerakarta), kambah patjeklik. Margi makaten waoe, Sampéjan Dalem ingkang Sinoehoen Kangdjeng Soesoehoenan matedakaken darma f 5000, saking arta kagoengan dalem pijambak, dédè arta nagari.

Koersoes oelah raga kanggé goeroe èstri.

Manawi ingkang toemoet njekapi, ing Soerakarta badé wonten koersoes gymnastiek kanggé goeroe-goeroe èstri sakolahan Goepermèn toewin partikelir. Goeroe ingkang boten gadah diploma inggih kénging toemoet. Ingkang noentoen koersoes waoe, njonjah goeroe gymnastiek lan namoeng saged wijtanten basa Walandi tok. Mila, ingkang toemoet inggih namoeng goeroe-goeroe èstri ingkang saged omong Walandi.

Koersoes waoe lalahaning. Dangoenipoen manawi saminggoe sinaoe kaping kalih, 1 taoen; déné jèn saminggoe namoeng sinaoe sapisan, 2 taoen. (Darmakanda).

b. Medal margi prijantoen B. B. Djer tètela golongan satoenggal poenika ingkang kerep pijambak sasawoengan kalijan kanta alit, toer dipoenèringi. Poenggawa doesoen, lss. soepados dipoenserep-serepaken prakawis kadokteran. Manawi ndara Sistèn, mantri poelisi, djoeroe serat, loerah doesoen pijambak taksih sami loemèngkèt kalijan dokter apoès-apoès, poenika kanta alit inggih lestantoen tebih kémawon kalijan grija sakit.

c. Paraprijantoening "Kasarasan" pijambak, inggih kedah ngodi soepados seserepanipoen dipoenadjeni kawoela oemoem.

Gandèng kalijan kasarasaning kawoela, Dr. Z. wonten Swara Oemoem no. 4, 30 Dec. '29, anarjijosaken samboeng rapetipoen dokter kalijan kawoela kirang. Boten kados kjahi doekoen. Mila doekoen inggih menang laris tinimbang dokter, boten béda kalijan pokroel bamboe menang laris tinimbang advocaat. Mila manawi advocaat oetawi dokter péngin laris, kedah niroe loewesipoen pokroel bamboe toewin doekoen anggènipoen sasawoengan kalijan kawoela. Tegesipoen kedah andatengi tetijang waoe. Dr. Z. anggadahi pamanggih... .

Jèn kita arep njirnakaké lelara-lelarané Rajat, ora kena kita ngarep-arep tekané Rajat marang dokter-dokter kita. Kromo oetawa Sarinem ora bakal ndjalok toeloeng ing C.B.Z. oetawa Klinik saka karepé déwè. Nanging koedoe kosokbaliné, dokter kita kang koedoe marani wong-wong maoe ing padoenengan. Wong désa, wong kampung selawas-lawasé moeng omah ing goeboeg, rikoeh lamoen arep ngidak plesteran apa manèh kang saka tegel gilap oetawa marmar, loewih-loewih manèh jèn ndeleng gebaré bekakas kang gilap-gilap, bandjoer bingoaeng. Moela dokter kita koedoe mara ing kampoeng-kampoeng... .

Jèn wis mengkonko bandjoer diatoer saben minggoe sapisan, salah sidjiné dokter maoe, loenga menjang kampoeng-kampoeng lan désa-désa awèh néshat bab pendjagané keséhatan mrika lelara nambani lan adol djamoéné pisan.

Tamtoe prakara iki bakal ora mangan ongnos, sabab pepajoné djamoé baé wis tjoekep kanggo ngtragati ongnos-ongnos maoe, malah mbokmanawa, dokter kang meloe njamboetgawé maoe bisa dibajar sak pepajon maoe.

Soekoer déné prijantoen kados Dr. Z. kagoengan panggalih kersa ngawoni wangkalipoen kawoela. Moegi-moegi swantenipoen Dr. Z. waoe anggoegah manahipoen para dokter langkoeng-langkoeng dokter bangsa kita pijambak.

Dr. Blankensteyn wonten Nw. Rott. Crt. oegi manah kasarasanipoen tijang Indonésijah. Dokter waoe mastani Indonésijah taksih kekiraan dokter. Awit dokter satoenggal limrahipoen gadah rekasan tijang atoesan éwon. Prakawis makaten poenika nama ngisin-isini! Mila, Dr. v. B. ladjeng gadah pamanggih: ing poendi-poendi ingkang katah djiwanipoen lan sasat boten naté kadatengan dokter, soepados dipoenwonteni pambantoe limrah ingkang sampoen pikantoe wewarah njekapi bab kadokteran. Saja prajogi manawi saged ngawontenaken pambantoe ingkang gadah sémah mangertos verloskunde. Preloenipoen saged soeka pitoeloeng datang tetijang ingkang nglahiraken anak... .

Koela pijambak angimbeti: soepados para dokter bangsa kita samia manggalihi oegi djampi-djampi ojed-ojodan lan ron-ronan. Djampi makaten poenika (kados ingkang kaseboet ing boekoenipoen kaimpoen ing Mev. J. Kloppenburg Versteegh) limrahipoen kawoela oemoem sami langkoeng adjeng tinimbang djampi wedalan apothèek.

Kumuningsaselé 26 Djanowari '30.

Taklim: PATJAR MERAH.

Kadarman dalem ingkang Sinoehoen.

Ing bawah kawedanan Tawang-sari (Soerakarta), kambah patjeklik. Margi makaten waoe, Sampéjan Dalem ingkang Sinoehoen Kangdjeng Soesoehoenan matedakaken darma f 5000, saking arta kagoengan dalem pijambak, dédè arta nagari. Arta waoe soepados kaparingaken datang tetijang katjirangan ing bawah Tawangsari sarana ririgen oepami kadawoehan njamboet damel èntèng andandosimargi sasaminipoen, kanti bajaran f 0,40 sadinten. Nanging arta 40 sèn waoe boten kaparingaken woedjoed arta sadaja, ingkang f 0,25 kawoedjoedaken teda, déné ingkang f 0,15 kaparingaken arta. Pratikèl makaten poenika saking karsa dalem soepados arta waoe boten katandjakaken sanès preloe kanggé toetoembas sanèsipoen tetedan. (Sedyata Tama).

M. v. BIENE.

Toekang herlodji dan Toekang emas.

Adres jang moerah

DJOKJA BANDOENG
Telf. 252 Telf. 226

boeat LONTJENG, HERLODJI dan PERKAKAS EMAS.

Pembatja
SWARA TAMA,

dengan bawa lembaran Swara Tama dapat POTONGAN.

**PAKOLÈH TOER LOEWESAN
SAÉ TOEWIN AWÉT
INGGIH NAMOENG**

MERK GAZELLE

INGKANG AWOEDJOED

ALCYON }
DUNLOP } RIJWIELEN
R. I. W. }

Nitjil kénging! - Kentjèng soekoer!

GAZELLE HUIS - ROEMAH GIDANG
MALIOBORO - DJOKJA - TELF. 508.

KALAU BELI OBAT - OBAT

DJOKJA mémang tiada maoe pakai per-tjoema, melainkan boeat djaga keséhatan. Tetapi kalau tiada terima obat jang selamanya baroe dan paling baik, lebih pintar **DJOKJA**
Djangan beli sama sekali.

Obat-obat keloearan roemah² obat
MALIOBORO „RATHKAMP” **MALIOBORO**
soedah terkenal berapa banjak poeloehan tahoen dan bisa dapat beli dimana-mana tempat. Kalau dapat beli tjap

DJOKJA „RATHKAMP” **DJOKJA**
tangoeng beli jang paling baik. Djaga tjap „RATHKAMP” dan „ERCEE”

DJANGAN TERIMA BARANG JANG BARANGKALI KOERANG BAIK.

SAWEG MENTAS AMBABAR.

Boekoe: **PANGANGEN - ANGEN KANG-GÉ SABEN DINTEN.**

Soegeng saha piwoelang Dalem Kang-djeng Goesti Jésoes Kristoes.

Djilidan I 500 katja

namoeng regi f 1,25 fr. i. p. f 1,45.

Kénging toembas dateng:

a. Pasteran Kotabaroe Ngajogjakarta.
b. Kantor Swara-Tama ”
c. Drukkerij Canisius ”

Toko DJOEN & Co., Djocja.
PATJINAN MOEKA TOKO FUJI - TELF. No. 374.

Adres jang paling moerah dan paling baik boewat pembikinannya.

ROTIE-ROTIE, KOEWEE-KOEWEE dan BESCHUIT-BESCHUIT KERING.

SROETOE-SROETOE dan ROKOK-ROKOK, jang haloes dan kasar.

Djoega slamanja djangan loepa minoem kita poenja KOFFIE BOEBOOK, jang speciaal die giling dengan machine Electrics, bisa giling aloes dan kasar, menoeroet pembelie poenja perminta'an die tangoeng sampee menjenengken, harga per pond f 0.90.
Boli dateng saksiken!

Memoedjiken dengan hormat
Toko DJOEN & Co.

**TOKO BARANG-BARANG
H. SPIEGEL — Djokja.**

ADRES JANG PALING BAIK, boeat:

Eetserviezen — Theeserviezen: f 5,75.
Perkakas dari gelas, dan perkakas dapoer; Kereta dan korsi boeat anak-anak; Tempat tidoer, lampoe gasoline, dan — permainan boeat anak-anak ketjil. —

Semoea barang paling djempol, dan moerah sekali!

TJET GILAP wedalan **FRIELING** model **A.**

kanggé ndjawi lan nglebet, namoeng kantoen ngagem.

kawadahan ing blèg, netto 10 5 2½ 1 ½ kilo;

sablèg regi 10,50 5,50 3,- 1,30 0,75;

TJET GILAP model **B.** kanggé ndjawi lan nglebet namoeng kantoen ngagem; **sablèg netto 10 kilo: f 8,50;**
5 kilo: f 4,50.

PABRIK TJET R. B. FRIELING,
Gondhomanan 80 — DJOKJA — Telefoon no. 784.

DJAMNJA HARI ACHAD DI SEMENTARA TEMPAT ADA KOERBAN MISSA.

Ambarawa 6.30 - 8.30	Lamah 5.30 - 6 - 8	Pekalongan ⁵⁾ 7.30	Soerabaja- 7.30
Amboina 7.30	Lawang ⁵⁾ 6 - 7	Pemalang ³⁾ 8.30	Kepandjèn 6 - 7 - 9
Bagan Siapi-api 7.30	Madioen 6 - 7.30	Pemangkat 7.30	Anita Boul. 6 - 7.30 - 9
Bandoeng 6 - 7.30 - 9	Magelang 7 - 9	Poerwokerto 7.30	Soerakarta 6 - 7 - 8.30
Benkoelen 7.30 - 9	Makassar 6 - 7.30	Poerworedjo 7 - 8.30	Tandjoeng Balai 7.30
Blitar 7.30	Malang 6 - 7.15 - 8.30	Pontianak 7 - 8.30	Tandjoeng Karang 8
Buitenzorg 6 - 8	Manado 6 - 7.30	Probolinggo 7.30	Tandjoeng Sakti 7.30
Cheribon 7.30	Medan 6.30 - 8 - 8.30 (tjina)	Salatiga 7.30	Tara-Tara 7.30
Jem ber 7.30	Medari ⁶⁾ 7.30	Sambas 6 - 8.30	Tegal ²⁾ 7.30 - 9.30
Djokja: 7.30	Meester Corn. 7 - 9	Sambong 8	Tering 7
Kampementstraat Eur. 7 - 9	Jav. 6 - 8	Sawah Loento 7 - 8.30	Tjilatjap ⁸⁾ 7.30
Kota Baroe 6 - 7.30	Mendoet 6 - 7.30	Sedajoe 7	Tjimahi 6 - 8
Djombang ¹⁾ 7.30	Modjokerto 6 - 8	Sedjiram 5.45 - 8.30	Tomohon 7 - 8 - 9
Fort de Kock 7.30	Moentilan 5 - 6 - 8	Semarang: 7	Wates ⁷⁾ 7
Gandjoeran ²⁾ 7	Muntok 8	Gedangan 7 - 9	Weltevreden: 7
Gombong ³⁾ 7.30	Ngawi ⁷⁾ 7.30	Bangkong 6.30 - 8	Waterlooplein 5.45 - 7 - 9
Keboemèn ⁴⁾ 7.30	Padang 7 - 8.15 - 9 (tjina)	Tjandi 7	Kramat 6 - 8 - 9 (mal.)
Kediri 7.30	Padang Pandjang 7.30	Randoesari 7	Wonosobo ⁸⁾ 7.30
Klatèn 7.30	Pajakoembo 7.30	Singkawang 6.30 - 9	Woloan 8.30
Koeta Radja 6.30 - 8	Palemboeng ¹⁾ 7.30	Soekaboemi 6 - 7.30	

¹⁾ 1e. Achad. ²⁾ 1e. + 3e. Achad. ³⁾ 2e. Achad. ⁴⁾ 1e. Achad tiap² doea boelan. ⁵⁾ 1e., 2e., 4e. Achad. ⁶⁾ 2e., 4e. Achad. ⁷⁾ 3e. Achad. ⁸⁾ 4e. Achad.

Modin pedjah kakentès loerah-ipoen.

Ing Tehoeng, Loemadjang wonten modin kèndel. Manoeet pranatan, modin waoe kedah njoekakaken pamedaling bengkokipoen ingkang sapalih dateng ingkang anggentosi. Samanten oegi bab paos, manoeet pranatan inggih kedah palihan. Nanging, ... modin waoe boten poeroen. Digoentjarjososi wongsal-wangsoel wangkod kémawon. Kalampahan, ... modin kaendang dateng kaloe-rah. Wonten ngrikoe dipoen-genah-genahaken, ... pak modin tekisih lestantoen wangkod kémawon. Ladjeng, ... oso-osonan, ... sengolsengolan. Pak modin moering sanget, loerah badé kablati. Nanging ladjeng dipoenkèntès, poen modin dawah, pedjah.

Loerah waoe sapoenika kathan politie. (N. Soer. Crt.)

Kirya Instituut.

Nagari Kasoenan, Kasoeltanan, Mangkoe Nagaran, lan Pakoe Alaman, kalijan Goepernoer ing nagari kalih pisan, sami rembagan ngawontenaken Kirya Instituut kados ing Bali. Kirya Instituut poenika waoe sedyanipoen angajomi kasoesastran; toemrap Soerakarta kalijan Ngajogjakarta dados inggih ngajomi kasoesastran Djawi. Déné waragadipoen badé kasanggi nagari sekawan waoe, poenapadéné njoewoen bagéjan lotré.

MANTJA NEGARI.

AFRIKA. Dinten kijamat sam-poen tjelak.

Golongan Islam ing Johannesburg manahipoen sami ketir-ketir. Ing ngrikoe manoeet tjarijosipoen tetjeng mentas wonten kéngkènan saking Medinah. Déné ingkang kéngkènan

sajid Ahmed djoeroe-koentji ing pasaréjanipoen Mochamad. Kéngkènan waoe njarijosaken sapoenika sam-poen njaketi dinten kijamat, lan..... tanda-tandanipoen badé katawis béndjing taoen 1932. Tetjeng Afrikah Kidoel sami dipoengetaken kéngkènan waoe dateng bendoening Allah, ingkang margi kalepatan poenapadéné nasaripoen para oemat. Kéngkènan waoe njarijosaken, wiwit taoen 1340 (oet. 1922 taoen Landi). tetjeng èstri sami toemindak saka-djengipoen, késah sapoeroenipoen tanpa palilalihing tijang djalar.

Ing taoen 1350 (1932 taoen Landi), ing nglangit badé wonten sasmita awoedjoed kados tiganing ajam (hoenderei); poenika mratjihnani kijamat sampoen tjelak.

Taoen 1360 (1942 taoen Landi), soerja tjalon boten katingal ing salebetipoen tigang dinten tigang daloe; manawi sampoen makaten lad-djeng mletèk wonten sisih Kilèn, ambles ing sisih Wétan. Ing ngrikoe kori-korining pangapoenten sami mineb. Saladjengipoen ing taoen 1380 (1962) sang Daggal i.p. djoeroe apoelsing manoengsa, ngatingal, lan nabi Aasa toemoeroen dateng donja ingkang kaping kalihipoen.

Sajid Ahmed nerangaken kanti mrasoempah bilih poenapa ingkang katjarjosaken poenika atas saking dawohipoen Sang Mochamad. (De Koerier).

NEDERLAND. Tjatjahipoen sepédah.

Tetjeng ing Nederland kénging kawastanan nengenaken sanget dateng sepédah. Boten wonten tanah satoenggal kémawon ingkang njamèni Nederland ing bab migoenakaken fiets.

Mitoeroet katahing paos sepédah, tijang saged métang katahing fiets ing ngrikoe.

Serat woelanang gadahanipoen Central Bureau kanggé statistik, amé-tang makaten:

1 Aug. — 31 Dec 24: . . . 1.810.700.
1925 2.222.739.
1926 2.265.625.
1927 2.324.501.
1 Djan. '28-31 Djoeli '29. 2.605.424.

Tjatjah-tjatjah samanten katahi-ipoen poenika, sepédah-sepédah kanggé poenggawa poelisi, wadyabata laoetan lan daratan, boten toemoet kapétang.

Dados wiwit taoen 1924 indakipoen 800.000-nan sepédah.

Tenoenan Indonesia. Ing Koloniaal Instituut Amsterdam mentas wonten tentoonstelling. Ing ngrikoe katah tenoenan-tenoenan wedalan Indonesia ingkang kapitontonaken. Tenoenan-tenoenan waoe ingkang katah saking Celebes, Molukken, Sumatra, pasisir Wétan, Atjih, Djambi, Palembang. Ing ngrikoe oegi kapitontona-ken wedalan Djambi.

Beksa Wétan wonten Kilèn. Surya Thirta, njonjah bangsa Éropah ingkang saged beksa pinten² tjara Indonesia, kala December mentas mitontonaken beksa Bali wonten ing Den Haag.

Correspondent *Maasbode* anjarjosaken bilih beksa waoe soesila, roentoet, kebak pasemon.

SEPANJOL-MAROKO. Trowongan Gibraltar!

Wiwit taoen 1869, sampoen wonten sedyang anggandèng Sepanjol kalijan Moroko (oetawi leresipoen London — Paris kalijan Afrika Kidoel-Sahara) sarana damel trowongan wonten sangandapipoen soenglon Gibraltar. Sapoenikasampoen andoedoe k tjemplangan kalih lebetipoen 35 meter, ing pangangkah béndjing kanggé margi mlebet lan medal.

Trowongan ing Tarifa sampoen wiwit kagarap, déné trowongan Sepanjol — Maroko, dèrèng katemtokaken. Sanadjan minister kolonièn ing Sapanjol sampoen pradjandji badé njoekani arta kanggé kapreloewan waoe nanging doemoegi sapriki dèrèng wonten pasok.

Sasampoenipoen kasinaoe tapis ing salebetipoen kalih taoen, sapoenika para sardjana saged netepaken: wontening trowongan ing Gibraltar poenika jèn kamanah tjara ngélmoe alam dédé barang mokal: tegesipoen saged kalampahan.

DJEPANG. Pagebloeg ngendat.

Ing serat-serat kabar Djepang, anjarjosaken bilih Osaka kénging kawastanan kambah pagebloeg ngendat. Katjarjos ing salebetipoen taoen kapengker tjatjahipoen tijang nglaloe wonten 15.000.

AFGANISTAN. Politiek poenapa ingkang badé katindakaken.

Sang nata Nadir ing Afganistan anggijaraken dateng kawoela bab politiek ingkang tjalon katindakaken, karingkes dados sadasa prakawis kados ing ngandap poenika:

1. Dadasar - dasar Islam dados dasaripoen pangrèh.
2. Inoeman keras babar pisan dipoenawisi.
3. Paréntah badé ngedegaken sakolahan militèr, poenapadéné pabrik sendjata-sendjata gagrag énggal.
4. Lalajananipoen nagari kalijan nagari-nagari sanès kalastantoenaken kados djamanipoen Aman Oellah.
5. Tilgram - tilgram lan tilpoentilpoen dipoendandosi.
6. Sasaged-saged badé dipoenichtijari moepoe toenggakan paos.
7. Margi-margi badé dipoendandosi; kadjawi poenika badé kasrem-peng damel margi-margi énggal.

8. Badé migatosaken sanget lalajananipoen kalijan mantja nagari ing bab prakawis economie.

9. Onderwijs badé mawi dasar-dadasar modèl énggal.

10. Staatsraad dipoenlestantoenaken. Ingkang mangoen kabinet, minister-president kanti palilalipoen sang praboe.

AMÉRIKA. Kasenangan ing salebeting sepoer.

Saprika-saprika tetjeng Amérikah manawi kekésahan tebih noempak sepoer, sambènipoen namoeng main kartoe. Nanging dèrèng dangoe poenika directienipoen sepoer gadahanipoen nagari Chicago ngawontenaken gerbong bioscoop. Dados tijang ingkang wonten ngrikoe gadah sambèn ningali sorot. Lan sapoenika kasenangan ing salebeting sepoer ngrikoe dipoenindaki malih, i. p. wonten gerbong kanggé dansah. Dados para nénéman wonten sepoer ngrikoe saged dansah sakatogipoen. Grebong dansah waoe rinakit saé, tjandélanipoen katja wijar-wijar, koersinipoen kénging karingkes ngantos papan ingkang kanggé oebeng-oebengan saged ombèr sanget. Déné ingkang naboehi gramafon-edison toewin radio . . .

Jajasan Oemoem.

Manoeet tjarijosipoen toewan R.P. Lamont secretaris-nagari babagan padagangan, salebetipoen taoen 1930 poenika arta Amérikah ingkang kalandjakaken kanggé jasa jajasan oemoem toewin partikelir kirang langkoeng wonten 10.000 mljoen dollar. Arta samanten poenika ingkang 7000 mljoen kanggé gedong-gedong oemoem nagari, tambal soelam poenapadéné jajasan sanès ingkang migoenani toemrap oemoem.